



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 26 janvye 2015

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENTÈDIKSYON VWAYAJ NAN 13 KONTE NAN PATI SID ETA ANVIGÈ ASWÈ
A 11PM**

MTA ap fèmen konplètman tout sistèm transpò piblik la a 11 PM

Entèdiksyon sou tandèm trelè yo sou gwo otowout yo ap rete anvigè

Gouvènè Andrew M. Cuomo apremidi a te anonse yon entèdiksyon vwayaj sou tout wout lokal ak eta nan trèz konte nan pati sid la apati 11 pm aswè a. Tout sistèm transpò piblik MTA ak Port Authority pral sispann egalman apati 11 pm. jiska pwochen avi.

Gouvènè a te mande vwayajè ansanm avèk otomobilis yo pou yo antre lakay yo anvan fèmti 11 pm nan kòm tanpèt la ap entansifye nan tout aswè a e kondisyon vwayaj yo ap vin pi mal. Sèvis Nasyonal Meteyolojik te pibliye yon avètisman tanpèt nèt pou zòn metropoliten greater vil New York anvigè jodia e jiska madi swa. Sèvis Nasyonal Meteyolojik prevwa akimilasyon nèt omwen 1 ½ a 2 pye konbine avèk rafal van jiska 70 MPH nan pati lès nan Long Island. Moun yo nan rejyon an ta dwe kontinye siveye depre kondisyon meteyo a ak avètisman.

“Yo prevwa ke tanpèt nèt la pral youn nan sa ki pi terib ke rejyon an pa janm wè, e nou dwe fè sekirite vini premye priyorite epi pran tout prekosyon ki nesèsè,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Vwayajè ak chofè yo dwe rantrè lakay yo opli vit ke posib anvan tanpèt la konplètman paralize rezo transpò ak wout nou yo. Eta pral fèmen tout wout ak transpò piblik apati 11 p.m. e nou ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo priyorize sekirite epi pran pasyans pandan nap rete tann pou tanpèt sa a pase.”

Detay sou fèmti wout ak transpò ap fèt tankou sa ki annaprè a:

- **Pou tout wout lokal ak eta yo**, yon entèdiksyon vwayaj pral anvigè a 11 p.m jiska pwochen avi nan 13 konte ki annaprè yo: Bronx, Dutchess, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Ulster, ak Westchester.
- **Tren ak otobis Vil New York** pral fonksyone sèvis lokal sèlman apati 8 p.m. e yo pral sispann

sèvis apati 11 p.m. jiska pwochen avi.

- Sèvis tren **Long Island, Metro North, Staten Island** pral sispann kòmanse apeprè 11 p.m. jiska pwochen avi.
- Sèvis **PATH** pral fonksyone sou yon orè wikenn apati 9 p.m. e li pral sispann a 11 p.m. jiska pwochen avi.
- **Yon entèdiksyon sou tandèm trelè** nan I-84, vwa eksprès Long Island, ak Thruway apati soti 17 nan liy Vil New York, enkli nan I-287 ak I-95, te antre anvigè a 4 p.m. e lap rete anvigè jiska pwochen avi.

Yo pral otorize sèlman machin ijans sou wout ki fèmen yo. Yap pini yon vyolasyon nan entèdiksyon sou vwayaj kòm enfrazyon ki gen ladan penalite jiska \$300. Gouvènè a te siyen yon dekrè egzekitif jodia ki bay Eta otorizasyon pou l mete entèdiksyon vwayaj sou wout lokal ak eta.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou rete ajou avèk dènye enfòmasyon yo, Nouyòkè yo ka vizite: <http://ny.gov/blizzard2015>.

Kliyan Metro-North ak LIRR ka vizite MTA.info ak kontwòle imèl ak sèvis alèt mesaj tèks, oswa [@LIRR](https://twitter.com/LIRR) oswa [@MetroNorth](https://twitter.com/MetroNorth) on Twitter pou enfòmasyon sou orè re-ouvèti tren. Sal datant estasyon LIRR pral rete ouvè 24èdan sou 24 jiska vandredi 30 janvyè.

Eta New York gen yon sistèm avètisman pou vwayajè kap montre antan reyèl rapò sou vwayaj ak eta wout ou ka jwenn nan nimewo telefòn 511 oubyen sou entènèt sou www.511ny.org. New York State Thruway Authority ankouraje otomobilis yo pou yo enskri pou resevwa imèl TRANSalert kap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou otowout la. Otomobilis yo ka enskri nan TRANSalerts lè yo swiv lyen sa a: <http://www.thruway.ny.gov/tas/index.shtml>. Vwayajè Thruway yo kapab tou jwenn enfòmasyon nan tan reyèl lè yo swiv [@ThruwayTraffic](https://twitter.com/ThruwayTraffic) nan Twitter oswa lè yo vizite <http://www.thruway.ny.gov> pou wè yon kat jeyografik entè-aktif kap montre kondisyon sikilasyon pou otowout la ak lòt wout nan Eta New York.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride

Haitian Creole